**ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН**
**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети ректоры**
**_______________ А.Реймов**
**2023-жыл 27-июнь**

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети 2023-2024-оқыў жылында екинши ҳәм оннан кейинги жоқары тәлимге қабыл етиў тәртиби**

Ҳәр бир бакалавр тәлим бағдарына Өзбекстан Республикасы оқыў орынларына қабыл етиў бойынша Мәмлекетлик комиссияның 2022-жыл 22-апрельдеги 13-санлы баянламасының 1-қосымшасына тийкарланып сәйкес бакалавр тәлим бағдарындағы биринши ҳәм екинши пәнлерден тест сынаўы (дөретиўшилик имтихан) өткериледи.

Абитуриент таңлаған бакалавр тәлим бағдарына сәйкес еки пәнниң ҳәр бирине 30 тесттен жәми 60 тест тапсырмасы ҳәм орынлаў ушын 120 минут ўақыт бериледи.

Абитуриент таңлаған бакалавриат тәлим бағдарына сәйкес еки пәнге жәми 156 балл, 1-пәнге 30 сораў ҳәр бир сораўға 3,1 баллдан жәми 93 балл, 2-пәнге 30 сораў ҳәр бир сораўға 2,1 баллдан жәми 63 балл бериледи.

Дөретиўшилик имтиханлары 2022-2023-оқыў жылында сәйкес бакалавриат тәлим бағдарына кириў имтиханы дәстүри ҳәм бахалаў критериясы тийкарында өткериледи.

Имтихан нәтийжелерине көре ең жоқары 156 баллдың 30% инен (46,8 балл) төмен болмаған балл топлаған абитурентлерди төлемли шәртнама тийкарында ҳәм усы шәртнамада көрсетилген сумманың 25% ин усы жылдың 15-сентябрине шекем төлегенинен кейин студентликке қабыл етиўге рухсат етиледи.

Барлық имтиханлар 2023-жыл 21-27-август күнлери өткериледи.

**Апелляция тәртиби**

Абитуриентлер тәрепинен кириў имтихан нәтийжелери бойынша жоқары оқыў орны ректоры тәрепинен тастыйықланған комиссиясына нәтийжелер жәрияланған күннен баслап 24 саат даўамында мүрәжат етиўи мүмкин. Мүрәжат мазмуны абитуриент тек ғана өзиниң кириў имтиханы нәтийжелеринен алған баллары ҳаққында болса ғана қабыл етиледи, бирақ басқа абитуриентлердиң нәтийжелери ҳаққында жазылған шағым арзалары қабыл етилмейди.

*Қарақалпақ мәмлекетлик университети Кеңесиниң 2023-жыл 27-июньдағы мәжилисинде көрип шығылды ҳәм тастыйықланды (10-баянлама).*